

# PWOTEJE KAY OU KONT RONJÈ



## RODENT – PROOFING YOUR PROPERTY

### ANNDAN INSIDE

- 1. Enspekte sousòl la ak kay la pou chache kote k fann ak twou yo. Bouche yo ak mòtye. Ronjè (Rat ak sourit) yo ka pase nan twou ki tou piti tankou yon 10 santim ameriken.**  
Inspect your basement and house for cracks and holes. Seal them with mortar. Rodents can slip thorough holes as small as a dime.
- 2. Asire w gen gri nan fenèt yo k nan sousòl la. Repare twou ak kote k fann yo.**  
Make sure you have screens on your basement windows. Repair holes and tears.
- 3. Kenbe pòt ki bay sou deyò yo fèmen. Itilize bòdi metal pou anpeche rat ak sourit fouye ak pase anba pòt yo.**  
Keep outside doors closed. Use metal trim to prevent rodents from gnawing and entering underneath.
- 4. Pa kite rès manje bèt deyò. Sere manje nan bagay ki fèt ak plastik, metal oubyen vè epi ki gen bouchon k ka byen fèmen.**  
Don't leave extra pet food out. Store food in a plastic, metal or glass container with a tight-fitting lid.
- 5. Netwaye manje ak kras manje. Pa sere manje nan tiwa k anba yo.** Clean up food and crumbs. Don't store food in lower cabinets.

### DEYÒ OUTSIDE

- 1. Mete fratra yo nan yon bagay lou ki fèt ak plastik oubyen metal epi ki gen bouchon k ka byen fèmen.**  
Keep trash in heavy plastic or metal containers with tight-fitting lids.
- 2. Mete fatra yo deyò yon tikras tan anvan lè y ap vin pran yo a. Pa kite sache plastik pase nwit deyò.**  
Place trash outside shortly before pick-up time. Do not leave plastic bags outside overnight.
- 3. Pa kite vye zèb, fatra ak debri nan lakou a, yon fason pou rat ak sourit yo pa jwenn manje ak kote pou yo rete.**  
Keep yard free of weeds, trash and debris, so rats and mice don't have shelter and food.
- 4. Pa kite manje bèt ak fatra deyò.**  
Don't leave pet food and waste outside.
- 5. Fatra atire rat ak sourit. Voye jete san pèdi tan materyèl pou bati kay, bwat ak bagay nan lakou a ou pap itilize. Pa kite atè bwa pou fè konstriksyon ; mete yo sou etajè k ap kite yon espas pwòp epi k ouvè anba yo.**  
Clutter attracts rodents. Dispose of unused building materials, boxes and yard waste promptly. Store lumber off the ground on a rack with clean, open space underneath.
- 6. Kenbe tout sa w plante ak yon distans 2 ak 3 pye ak mi yo. Koupe zèb yo souvan yon fason pou elimine kote pou rat ak sourit kache. Elimine tout ma dlo.**  
Keep all vegetation 2 to 3 feet away from walls. Cut grass frequently to eliminate hiding places. Remove all standing water.
- 7. Koupe branch ti pye bwa yo ak gwo pye bwa yo pou anpeche branch yo touche atè.**  
Trim shrubs and trees regularly so branches do not touch the ground.
- 8. Netwaye fwi ak grenn ki tonbe regilyèman pou rat pa manje yo.**  
Clean up fallen fruit and seeds regularly so rats can't eat them.

**Rele Health Department nan (617) 625-6600 ekstansyon 4300 pou w rapòte kote w wè rat. Sa ap ede nou fè eliminasyon rat ak sourit yo pi byen. Pou plis enfòmasyon pou kontwole rat ak sourit ak lòt bèt nwizib tanpri vizite  
Sit entènèt vil Somerville: [www.ci.somerville.ma.us](http://www.ci.somerville.ma.us)**

**Call the Health Department at (617) 625-6600 ext. 4300 to report sightings of rats. This will help us target rodent extermination more**

**effectively. For more information on controlling rodents and other  
pests, please visit:  
City of Somerville's website: [www.ci.somerville.ma.us](http://www.ci.somerville.ma.us)**